**NUKUS TUMANLARARO IQTISODIY SUDI**

*230100, Nukus shahri, A.Dosnazarov ko'chasi, 92*

**NO'KIS RAYONLAR ARALIQ EKONOMIKALIQ SUDI**

*230100, No'kis qalasi, A.Dosnazarov ko'shesi, 92-jay*

Tel: 55 102 40 66 (280) e-mail: i.nukus@sud.uz

# У Й Ғ А Р Ы Ў

**2023-жыл 14-март Нөкис қаласы 4-2301-2303/XXX**

Нөкис районлар аралық экономикалық суды судьясы Б.Баймуратов басшылығында, судья жәрдемшиси Л.Утамбетованың хаткерлигинде, даўагерден баслық Р.Х, жууапкер ўәкили А.Г (исеним хат тийкарында) қатнасыўында, Қарақалпақстан Республикасы Фермер, дийхан хожалықлары ҳәм кыйтақ жер ийелери Кеңеси (кейин-Кеңес) даўагер "XXX" фермер хожалығының мәпин қорғап, жууапкер «XXX» ЖШЖ-тинен 127 674 172 сўм қарыз, 25 534 834.4 сўм жәрима өндириў ҳаққындағы даўа арзасын ҳәм қосымша ҳүжжетлерин суд имаратында ашық суд мәжилисинде көрип шығып, төмендегилерди

## А Н Ы Қ Л А Д Ы:

Кеңес даўагер "XXX" фермер хожалығының мәпинде жууапкер «XXX» ЖШЖ-тинен 127 674 172 сўм қарыз, 25 534 834.4 сўм жәрима өндириўди сораған.

Суд мәжилисине Кеңес ўәкили келмеди.

Даўагер суд мәжилисинде қарыз өндириў талабы төлениўи менен шешилгенин билдирип, даўа арзадағы жәримадан ўаз кешиў ҳаққындағы арзасын усынды.

Жууапкер ўәкили нызамлы шешим қабыл етиўди сорады.

**Суд тәреплер ўәкиллериниң түсиниклерин тыңлап, истеги топланған ҳүжжетлерди үйренип шығып, даўа арзаны көрместен қалдырыўды лазым тапты.**

Истеги ҳүжжетлерге қарағанда, даўагер ҳәм жууапкер орталарында 2022-жыл 10-июнь күни 19-санлы пахта шийки затын ҳәм тухымлық пахтаны жеткизип бериў ҳәмде реализация қылыў бойынша фьючерс шәртнамасы дүзилген. Шәртнамаға көре, тәреплер орталарында қарыздарлық келип шыққан. Нәтийжеде Кеңес тәрепинен судқа даўа арза бирилген.

Өзбекстан Республикасы Экономикалық процессуал кодексиниң (кейин-ЭПК) 157-статьясының екинши бөлимине муўапық, даўагер исти ҳәр қандай инстанция судында көриўде тийисли суд инстанциясында исти көриў жуўмағы бойынша шығарылатуғын суд ҳүжжети қабыл қылынғанға шекем даўадан толық яки қысман ўәз кешиўге ҳақылы.

ЭПКниң 50-статьясының төртинши болимине тийкар, мәмлекет органы ҳәм басқа шахс тәрепинен даўагердиң ҳуқықларын қорғаў мақсетинде берилген даўа арзасынан (арзасынан) даўагердиң (арза бериўшиниң) ўаз

кешиўи даўа арзаны (арзаны) көрместен қалдырыўға алып келеди.

ЭПКниң 107-статьясының 8-бәндине көре, даўагердиң мәпин көзлеп прокурор, мәмлекет органы ҳәм басқа шахс тәрепинен берилген даўадан даўагер ўаз кешкен болса, экономикалық суды даўаны көрместен қалдырады.

Суд мәжилисинде даўагердиң даўадан толық ўаз кешиў ҳаққындағы 2023-жыл 14-март күнги арзасы усынылды.

Суд даўагердиң оның мәпинде киритилген даўадан ўаз кешиўи нызам ҳүжжетлерине қайшы емеслиги ҳәмде басқа шахслардың ҳуқықлары ҳәм нызам менен қорғалатуғын мәплерине тәсир қылмаслығынан келип шығып, даўадан ўәз кешиўди қабыллаўды ҳәм даўа арзаны көрместен қалдырыўды лазым табады.

Сондай-ақ, ЭПКниң 108-статьясының биринши, екинши бөлимлерине муўапық, даўа арзаны көрместен қалдырыў туўрысында суд уйғарыў шығарады.

Суд уйғарыўында исте қатнасыўшы шахслар ортасында суд қәрежетлерин бөлистириў ҳаққындағы, мәмлекетлик бажыны бюджет есабыгнан қайтарыў мәселелери шешилиўи мүмкин.

Өзбекстан Республикасы "Мәмлекетлик бажы ҳаққында"ғы Нызамының 9-статьясы биринши бөлиминиң 18-бәндине тийкар, Өзбекстан Республикасы Фермер, дийхан хожалықлары ҳәм кыйтақ жер ийелери Кеңеси, Қарақалпақстан Республикасы, ўәлаятлар ҳәм районлар Фермер, дийхан хожалықлары ҳәм кыйтақ жер ийелери Кеңеслери – фермер, дийхан хожалықлары ҳәм кыйтақ жер ийелериниң мәплерин көзлеп қылынған даўалар жүзесинен мәмлекетлик бажы төлеминен азат етилген. Сонлықтан мәмлекетлик бажы өндирилместен қалады.

Төленген почта қәрежети даўагер мойнында қалдырылады.

Өзбекстан Республикасы ЭПКниң 50, 107, 109-статьяларын басшылыққа алып, суд

**У Й Ғ А Р Д Ы :**

Даўа арза көрместен қалдырылсын.

Уйғарыў бир айдан кейин нызамлы күшине киреди ҳәм уйғарыўға наразы тәреп бир ай мүддет ишинде Қарақалпақстан Республикасы судына апелляциялық тәртибинде арза бериўге, прокурор протест келтириўге ҳақылы.

**Судья** **Б.Баймуратов**